30-июль – “Халықлар дослығы күни” мүнәсибети менен **“Өзбекстан бирден-бир Ўатан”** сүрени тийкарында халқымыз арасында аўызбиршиликликти, миллетлераралық татыўлықты, жәмийеттиң бирлигин, мәмлекет халықшыллығын тәмийинлеўге қаратылған

**“Ең жақсы фото топлам”** таңлаўы

**РЕЖЕСИ**

## I. Улыўма қағыйдалар

Усы Реже "Дослық күни" мүнәсибети менен өткерилетуғын "Ең жақсы фото топлам" таңлаўының мақсети, ўазыйпалары, шөлкемлестирилиўи ҳәм өткерилиў тәртибин белгилейди. Таңлаў Қарақалпақстан Республикасы аймағында дослық, татыўлық, миллетлер аралық татыўлық ҳәм аўызбиршиликти сәўлелендириўши сүўретлер арқалы сәўлелендириўди мақсет етеди. Таңлаў ашық болып, барлық ҳәўескер ҳәм профессионал фотографлар (фото ықласбентлер) қатнасыўы мүмкин.

## II. Таңлаўдың мақсети ҳәм ўазыйпалары

30-июль – “Халықлар дослығы күни" мүнәсибети менен усы жыл 25-31июль күнлери болып өтетуғын “Дослық” фестивалы шеңбериндеги илажларды жоқары дәрежеде шөлкемлестириў, халқымыз арасындағы дөретиўши пуқаралардың руўхый байланысын беккемлеў, дөретиўшилердиң жәмийиеттеги орнын ҳәм ролин кеңнен үгит-нәсиятлаў, жаңа дөретиўши инсанларды анықлап, олардың дөретиўшилик қәбилетин жүзеге шығарыў, халқымыздың аўызбиршилигин, миллетлеаралық татыўлығын, дослығын беккемлеўге қаратылған жаңа көринистеги креатив ҳәм тәсиршең фото дөретпелер хошаметлеп барыў арқалы жаслар, дөретиўшилер ҳәм кең жәмийетшиликтиң итибарын миллетлераралық татыўлыққа қаратыў.

Дөретиўшилерге өз қәбилетин көрсетиўге имканият жаратыў.

## III. Таңлаўды өткериў тәртиби ҳәм шәртлери

**1.** «Өзбекстан бирден-бир Ўатан!» сүрени астындағы “Ең жақсы фото топлам” таңлаўы бир басқышта, яғный тек Қарақалпақстан Республикалық басқышы өткериледи.

Таңлаўда қайсы кәсип ийеси болыўына қарамастан Өзбекстан пуқаралары қатнасыўы мүмкин. Қатнасыў ушын жас аралығы шекленбеген.

**2.** Таңлаўды шөлкемлестириў ҳәм өткериў Қарақалпақстан Республикасы Жаслар ислери басқармасы Төрешилер қурамы қатнасыўшылар тәрепинен усыныс етилген дөретиўшилик жумысларды усы режеде белгиленген шәртлер ҳәм талаплар тийкарында баҳалайды.

**3.** Баҳалаўшы комиссия белгили фотографлар, көркем өнер ўәкиллери, журналистлер ҳәм жәмийетлик белсендилерден ибарат болады.

**4.** Таңлаўға қойылатуғын талаплар:

• Сүўретлер Қарақалпақстан аймағында алынған болыўы;

• Дослық, татыўлық, бирлик, аўызбиршилик, мәдений ҳәр түрлилик темаларын сәўлелендирген болыўы;

• Фотоларда зорлық, жек көриўшилик, диний ямаса миллетлер аралық қарама-қарсылықты үгит-нәсиятлаўшы элементлер болмаўы;

• Жоқары сапалы (еминде 2000 px кеңликте, JPEG форматта) болыўы;

• Сүўретлер авторға тийисли болыўы, басқа авторлардың шығармаларынан пайдаланыў қадаған етиледи;

• Сүўретлер фотомонтаж ямаса жасалма интеллект арқалы жаратылмаған болыўы керек.

Сүўретлер менен бирге қысқаша сыпатлама берилиўи керек.

**5.** Баҳалаў критериялары:

- Таңлаў комиссиясы төмендеги критерияларға тийкарланады:
- Темаға сәйкеслик (30 балл);
- Көркем баян етиў ҳәм композиция (25 балл);
- Оригинал қатнас (20 балл);
- Техникалық сапа (15 балл);
- Сүўрет мазмуны (10 балл).
- **Максимал балл: 100 балл.**

**6.** Таңлаўда 1, 2, 3-орынлардан тысқары номинациялар бойынша жеңимпазлар анықланады ҳәм хошаметленеди. Олар:

«Мазмуны жағынан ең жақсы фото топлам» номинациясы;

«Ең креатив фото топлам» номинациясы.

**7.** Таңлаўға келип түскен барлық фото топламлар Қарақалпақстан Республикасы жаслар ислери басқармасы архивинде сақланады. Автор ийесине қайтарып берилмейди.

**8.** Таңлаўда жеңимпаз деп табылған фото топламлар социаллық тармақлар арқалы кеңнен жарытылады. *(автор көрсетилген ҳалда)*

**9.** Таңлаў шәртлерине жуўап бермейтуғын фото топламлар қабыл етилмейди. Авторлық ҳуқықы бузылыўына жол қойылмайды, плагиат фотолардан пайдаланған жағдайда таңлаўдан шетлетиледи.

## V. Таңлаў жеңимпазларын хошаметлеў

**10.** Таңлаў жеңимпазлары Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң дипломы менен сыйлықланады.

1-орын – Смартфон мобильный телефон

2 – ҳәм – 3-орынлар қымбат баҳалы саўғалар ҳәм хошаметлеўши номинациялар менен сыйлықланады.

**11.** «Өзбекстан бирден-бир Ўатан!» сүрени тийкарында өткерилетуғын сценарийлер таңлаўында жеңимпазларды хошаметлеў Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси тәрепинен ажратылған қаржылар есабынан қапланады.

Таңлаў жеңимпазлары қәўендер шөлкемлер тәрепинен де қосымша түрде хошаметлениўи мүмкин. Биргеликте жумыс алып барыўшы министрлик, шөлкем ҳәм кәрханалар өзи есабынан таңлаў жеңимпазларын қосымша түрде материаллық хошаметлеўге ҳақылы.

## VI. Жуўмақлаўшы қағыйдалар

**12.** Таңлаў нәтийжелери мәлимлеме хабар қуралларында, социаллық тармақларда ҳәм телеведение каналларында жәрияланып барылады.

**13.** Усы реже талапларының бузылыўында айыплы деп табылғанлар нызамшылықта белгиленген тәртипте жуўапкершиликке тартылады.